ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№129 (21.287) ● 2008 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 4, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр электрокъарукІэ къыхэрыхэрагъэпэщыр зэблэунымкІэ шынагъуэ къэмыгъэхъунымкІэ Штабым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щыпІэ самоуправленэм и органхэм, электроэнергетикэм и ІэнатІэм реформэ щыщрагъэкІуэкІ лъэхъэнэм къыхэрагъэпэщауэ лажьэ энергокомпаниехэм, республикэм и электроэнергетикэм зегъэужьыным хуэунэтІа экономикэ лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІ хозяйствэхэм я къарур зэгъэхъуІуи мурадкІэ **унафэ сощІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр электрокъарукІэ къыхэрыхэрагъэпэщыр зэблэунымкІэ шынагъуэ къэмыгъэхъунымкІэ Штаб къыхэгъэпэщыщ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр электрокъарукІэ къыхэгъэпэщыныр зэблэунымкІэ шынагъуэ къэмыгъэхъунымкІэ штабым хэтхэр къэщтэн мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм мэкъуаугъуэм и 23-м
№73-УП

(Гуэдзэным 2-нэ нап. итщ).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и лЫкІуэу Налшык къалэ округым щыІэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и лЫкІуэу Налшык къалэ округым щыІэну **Хьэмгъуокъу Леонид Башир и къуэр** гъэувын.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м
№76-УП

ЛЫхъэ 3. Къ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым зегъэужьным къаруушхуэ зэрырихьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленостым щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным ЛЫхъэ Заурбий Къасым и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым, «ЛВТ» фирм»э ООО-м и директорхэм я советым и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м
№77-УП

ТерроРым тКІийуэ пэщІэтын

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен хэтащ Лъэпкъ антитеррор комитетым и зэІушІэу Урысейм ЩынагъуэшнагъмкІэ и федеральнэ кІуэлыкІуэм и унафэщІ Бортников Александр бадзэуэгъуэм и 3-м Ростов къалэм щригъэкІуэкІам.

АБы щЫТЕПСэЛЪЫХЬАЩ Урысей Федераціэм и субъектхэм терроРым пэщІэтынымкІэ я комиссэхэм терроризмэм и идеологием и щхьэр къемыгъэІэтэнымкІэ, терроРым пэщІэтынымтещІыхьа лэжьыгъэхэр хэІущІыІу щІынымкІэ къапэщыт къалэнхэм.

ЗэІушІэм къыщаІэта Іуэхум хиубыдэу КъБР-м щызэфІагъэкІхэм теухуауэ къэпсэльащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр.

(ЗэІушІэр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерым тетынущ.)

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэ №1321-П-П-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и административно-щыналъэ зэхэлъыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хэгъэзауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэ №1321-П-П-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэр хэлъхьэн:

пункт 2-р мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«2. Бахьсэн кьалэ округым и щІыналъэм къыщызэрагъэпэща къуажэм «Дыгулыбгъуей» цІэр фІэщыным теухуауэ къохапхьэр дэІыгъын».

Мы Унафэр Урысей Федераціэм и Правительствэм, Геодезиемрэ картографиемкІэ федеральнэ агентствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Бахьсэн кьалэ округым и Іэтащхьэм яхуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм мэкъуаугъуэм и 26-м
№1477-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм Іэщ1агъэмкІэ я коллегием жылагъуэ лЫкІуэу хэт Былымгъуэт А. Б. и полномочиехэр я пІальэр къэмысу щхьэщыхьым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм Іэщ1агъэмкІэ я коллегием жылагъуэ лЫкІуэхэр зэрыхагъэхэ щІыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2, 6 статьяхэм ялкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм Іэщ1агъэмкІэ я коллегием жылагъуэ лЫкІуэу хэт Былымгъуэт Андзор Борис и къуэм полномочиехэр я пІальэр къэмысу щхьэщыхьым.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм Іэщ1агъэмкІэ я коллегием хуегъэхьын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм мэкъуаугъуэм и 26-м
№1482-П-П

● Лъэпкъ проект

Къэралым и тыгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт еджапІэу 8-м цыху 22-рэ зэрыхуэ «ПАЗ» автобусхэр ЕкІаІэрыхьащ «ЕгъэджэнымгъэІ» лъэпкъ проектым ипкъ иту.

ЕджакІуэхэр кьыз эрыразэжьІну автобуси 6-р зэнщІэу Прохладнэ куейм и Прималкэ, Красносельскэ, Солдатскэ, Пролетарскэ, Учебнэ, Янтарнэ жылагъуэхэм я курыт еджапІэхэм хуаутІыпщащ.

Мыдрей автобуситІыр иратащ Щэджэм куейм хьхьэ Щхьэлыкъуэмрэ Аруан районым щыщ Шытхьэлэ кьуажэмрэ дэт курыт еджапІэхэм. КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий школ унафэщІхэм автобус Іункьыбзэхэр яритащ икІи къэралым и тыгъэр илъэс куэдкІэ узынщэу кьагъэсэбэпыну ехьуэхьуащ. Министрым жиІащ куэд дэмыкІыу иджыри школ зыбжанэм апхуэдэ автобусхэмрэ нэгъуэщІ зыхуей-зыхуэфІхэмрэ зэрыратынур.

● Ди къуажэхэр

Зэман кІэщІым

Кэнжэ къуажэм ильэс куэд лъандэрэ цыхуІэ здынэмыса и гъэугъуэм гугъу иригъэхьащ къуажэдэсхэр. ГъэугъуэкІэ гъэтэмэмыныр кьалэн нэхъыщхьэу зыхуэзыгъэуэвыжа къуажэ администраціэр ильэс етІуанэ хьуауэ а Іуэхум нужь итщ.

ИЛЪЭС блэкІам Ахъмэтым, Балэм я щІэхэр зезыхьэ, Степной уэрамхэм тель асфальтыр щІэкІэ зэрахъуэкІащ. Кьатхъэным и щІэр зезыхьэ уэрамым иджыпсту йодэжь. БжьыкьэхъуэкІуэ ремонт лъэжьыгъэщІхуэхэм щыщІадзэнущ Андреевым и щІэр зезыхьэ уэрамым.

Гъэугъуэм кьинэмыщІауэ, кьуажэ администраціэм и унэри зыхуей хуагъэзэнущ. Иджыблагъэ зыцІэрыхьэн хуей Іуэху пэрытхэм ящыщ щІэуэ тІыса хьэблэр газрэ электрокъарукІэ кьызэгъэпэщыныр. Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Налшык кьегъэщІыІа жылагъуэхэр зэІуэзэпэщ щІыным гульытэ хэха зэрыхуищІыр кьэпльыгъэ, щэч хэлькъым Кэнжэ къуажэр зэман кІэщІым кьриубыдэу сыт и лъэныкьуэкІи зэрефІэкІуэнум.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Дыгъуасэ «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІащ ди республикэр зэрыгушхуэ щыхухэр - штангэмкІэ гъэсакІуэ щІэрыІуэ. СССР-м и спортым и мастер Хьэфыцій Лъостэнбий и къуэ Мухьэмэд, абы и гъэсэн, ныбжьыщІэ дыдэу зэфІэкІыщхуэ къэзыгъэлъэгъуа, нэгъабэ спортым и дунейпсо классым и мастер хьуа Мэджджыхь Эдуард. А спортсменитІым езыхэр зыщыщ Зеикьуэ къуажэм и мызакъуэм, республикэ псор ягъэбжьыфІэ. КъыщыщІэддзэнщ гъэсакІуэм и деж. Ильэс зыкъом и пэкІэ штангэ къэІэтыным щыхуагъасэ школ есым и жьагъуэм къыщыкъэзуэхьа Хьэфыцій Мухьэмэд зэрыдажьэрэ а лІэужьыгъуэмкІэ спортым и мастер хуэащ щІалэ 21-рэ. Абы и гъэсэнхэм яхэтщ дунейпсо утыкум екъуІэныгъэ инхэр къыщызыхьахэри. Ауэ псоми зэкІэ ящхьэпрыкІащ ильэс 19 зи ныбжь Мэджджыхь Эдуард.

МэкЪУАУЭГЪУЭМи 11-м къыщыщІэддзауэ 22-р къэсыху Ныбжьыщ1эхэм штангэмкІэ я дунейпсо чемпионату Колумбие жьыжьэм щыщ Сантьяго-де Коли кьалэм щекІуэкІам хэтащ къэрал 36-м я лЫкІуэхэр - щыхухэу, щыхубз командхэр. Псори зэхэту спортсменхэр 200-м нэблагъэрэт. Абыхэм ящыщу дыщэ, дыжьын, жэз медалхэм щІэбзэныкуэр белджылыт - абыхэм я зэфІэкІыр наІуэ къыщащІат пльэпкъ чемпионатхэм. Нэхъ екъуІэныгъэшхуэкІэ зыщыгугъэм яхэтт ильэс 19 зи ныбжь Мэджджыхь Эдуард. Абы гъатхэпэ мазэм Урысей Федераціэм и чемпионату Курск щекІуэкІам зыри япэ щищыфатэкъым штангэ Іэтыгъуэ лЪуэжьыгъунтІымкІи.

Апхуэдэуи Колумбием щыхъуащ: Зеикьуэ щыщ щІалэщІэм штангэр тепІэтыкІыу зэуэ дэбдзеинымкІэ дыщэ медальр - килограмм 174-рэ, уи дамэхэм тепльхьэу пІэтынымкІэ - килограмм 200 - дыжьын медалхэр къыщихьащ. Ауэ зэхьэзэхуэхэм зэкІэ зыщыгъэхьэзыр етІуанэ увыпІэрщ - псори зэхэлъхьэжауэ къаІэта килограмм бжьыгэр зэхуэдэу щытми, текІуауэ кьатьитащ и ныкъуэхъуэгъур - абы и хьэлъагъыр граммрэ бжьыгъэкІэ нэхъ мащІэт.

Эдуард сыт щыгъуи и гъэсакІуэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд зэрыжиІэмкІэ, зэран хъуар информаторыщ.

- Дэ зи гугъу тщІар килограмм 205-рэт, арщхьэкІэ (е кьыгурымыІуа, е щыуа) абы килограмм 210-рэ къыфІригъэлъхьащ. Эдуард абы екъуащ, арщхьэкІэ пэлъэщащкъым. Нужьым Іуэхур зохагъэкІыу, псори и пІэ щиуцэжам, зэрыгугъуІуэгъуэщи, Мэджджыхьыр щІэужьыхьэжат.

Апхуэдэуи кьохьу. Ауэ Зеикьуэ щыщ щІалэщІэм къихьа екъуІэныгъэр арыншами ин дыдэщ икІи абы дяпэкІи дызэригъэгуфІэнум щэч гуэри хэтъкъым.

Мы зэманым Хьэфыщ1э Мухьэмэд и унафэм щІэту Мэджджыхьым зыхуегъэхьэзыр зэпеуэныгъэщІэхэм. Я гуращэхэр инщ: фокІадэм Албанием щекІуэкІынущ Европэм и чемпионат. Дыщыгугъынщ информаторыр дяпэкІэ щымыуэну...

Езы Эдуард щІалэ гуапэщ, уеплъамэ, плъыжь мэхъу жьыхуаІэм хуэдэу нэмысыфІэщ, Курск и къэрал техникэ университетым и 2-нэ курсым щоджэ.

Дэ а щІалэмэ абы и гъэсакІуэми дохъуэхъу, дунейм и утыку нэхъ ин дыдэхэм екъуІэныгъэхэр къыщахьыну.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Мэджджыхь Эдуард
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Эдинэ** *трихащ.*

Мэджджыхь Эдуард дунейпсо зэпеуэм етІуанэ увыпІэр къыщехь

● Ди хьэщІэщым

Мэджджыхьым хьэлъэр тепІэтыкІыу зэуэ дэбдзеинымкІэ дыщэ медальр кьехь.



Къэралыплым макІуэ

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий дыгъуасэ гъуэгу техьащ. Ар кІуэнущ къэралиплым, абыхэм я кьулыкъущІэ нэхъыщхьэхэм яІущІэнущ. Нэхъыщхьэу щытынур мы тхьэмахуэ зэхуакум и кІэм къэрал нэхъ зыгъэужьауэ 8-м я Іэтащхьэхэм Японием щрагъэкІуэкІыну зэІушІэщхуэрщ.

ДЫГЪУАСЭ Медведев Дмитрий Азербайджаным кІуащ икІи абы и унафэщІ Алиев Илхам епсэльащ Іуэху кьудкІэ. Унафэщ1эхэм Іэ градзащ къэралитІыр зэныбжьэгъуным икІи стратегие и лъэныкъуэкІэ зэдэлэжьэным теухуа зэгурыІуэныгъэм.

Щ1ыпІэхэм яхуэсакъын

УФ-м и Правительствэм и Премьер-министр Путин Владимир техьащ щыхьащ 2012 гъэм Щ1ымахуэ Олимп Джэгухэр щызэхэтыну Сочэ кьалэм ухуэныгъэхэр щезыгъэкІуэкІэхэм.

АБы КЬЕЛЫТЭа ухуэныгъэхэр экологие и лъэныкъуэкІэ щынагъуэ зыпыль щІыпІэхэм щрагъэкІуэкІыу икІи кьеГъэувн ахэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм ягъэІэпхъуэну.

- Дауи, абы ахьшэ лей текІуэдэнущ,- жиІащ Правительствэм и Унафэщым, - ауэ а ахьшэр зэгбгъэпэщыжьыфынущ, пхуэзэфІэкІмыгъэуэвэжынур экологие кьулейсызыгъэрщ.

Гъуэз щынагъуэхэр

Болгарием и кьалащхьэм гъуэз Іувхэр щхьэщытщ.

СОФИЕ и гъунэгъуу кьащІоуэ лагъымхэр, топышэхэр. Абы и щхьэусыгъуэр Іэщэфащэхэр щахъумэ унэм мафІэ кьызэрыщІэнарц. Кьалэм и гъунэхэм щыІэ унэхэм я абджыкІэ зыкъом кьыхэудащ. Зи щхьэгъубжэ абджхэр жьы толькъунхэм хиудахэм ящІыщ Урысейм и лЫкІуэм и унэу Болгарием щыІэри. Щ1ыхэ хэкІуэдакъым, ауэ зыбжанэ абджым нуІащ.

Болгарием и президент Пырванов Георгий зи унафэщІ кьэралыкъущІэхэр топсэльыхь щытыкІэр зэрагъэзэкІуэжыну Іэмалхэм. Ахэр къэбгъуэтыну гугъущ, кьегъэлажьэхэр складым екІуэлІэфыркъым, абы и деж щІэх-щІэхыурэ лагъымхэр кьызэрыщыуэм кьыхэкІыу.

Псоми я къалащхьэ

Лондон кьалъытащ дунейм и музей псоми я кьалащхьэу.

АР ЗИ фІыгъэр Британие музейрщ. Нэгьабэ абы щыІащ псори зэхэту Щ1ыху мелуаныхь. КьыщызэІуаха 1953 гъэ лъандэрэ абы щагъэльагъуэ дунейм и щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я фІыгъуэ нэхъ льапІэ дыдэхэр.

(ИТАР-ТАСС).



■Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я льапхъ гуфІэгъуэщ - къэралыр зэмэ унафэ кьыщыщІэкІа мазэщ (1776).

■Илъэси 5 и пэкІэ (2003) Москва Іэ щытрадзащ Урысей Федераціэмрэ Румыниемрэ зэныбжьэгъу зэхэущытыкІэхэр зэхуаІэныкІи икІи зэдэлэжьэным теухуауэ илъэсипщІым тещІыхьа зэгурыІуэныгъэм (иужькІэ абы кьарыщІэну піальэр ягъэІэпхъуэну я мурадщ).

■Илъэси 100 и пэкІэ (1908) «Речь», «Слово», «Русские ведомости» газетхэм кьытрадзащ Толстой Лев цыхум и суд укІкІэ зэращІэм триухуа «ЖьызмыІэн схуэзфІэкІыркъым!» тхыгъэр.

■ Илъэс 65-рэ и пэкІэ (1943) Урысейм щыщІдзащ радиоэлектрон Іэнатіэм и тхыдэр. 1943 гъэм кьыдэкІащ Москва областым щыІэ Щелковскэ районым щыщ Фрязинэ жылагъуэм щІэныгъэкъэхутакІуэ институт №160-р кьыщызэгъэпэщыным теухуа унафэр. Абы совет электрон промышленностым и льабжьэр игъэтІыльащ.

■ Илъэс и пэкІэ (2007) Дунейпсо Олимп Комитетым Гватемалэм щригъэкІуэкІа 119-нэ сессием Сочэ кьалэр (Краснодар край, Урысей) 2014 гъэм екІуэкІыну Щ1ымахуэ Олимп Джэгухэм я кьалащхьэу кьыщалъытащ.

■ Бадзэуэгъуэм и 4 - 12. хэм Карловы Вары (Чехие) щекІуэкІынущ 43-нэ дунейпсо кинофестивалыр.

■ Бадзэуэгъуэм и 4-26. хэм Авиньон (Франджы) щекІуэкІынущ 62-нэ дунейпсо театр фестивалыр.

■ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэтэ 5-рэ дакьикъэ 29-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 54-м.**

■ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 25-рэ.**

ПІалэнэрэ зыгъэхьэзырар:
ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи жьІэ Іуэхукіэ гъэдахэ.

● Налшык къалэ

Уэрамыр къагъэнэху

Налшык и тепльэр егъэфІэкІуэныкІэ лъэныкъэхэм пащэ.

ЛЕНИНЫМ и цІэр зезыхьэ уэрамым щагъэув уэздыгъэхэр. Ахэр уэрам нэхъыщхьэмрэ абы и лъэныкъуитІымкІэ ех льэс гъэугъуэмрэ я зэхуакум дагъэувэ метр 18-20-кІэ зэпэщІэу.

Европей щапхъэм ити ягъэхьэзыра уэздыгъэхэр уардэщ, дахэщ, нуру кьатынур, адрей щыІэхэм ельытауэ, ТІуикІэ нэхъыбэщ. Торшерхэр Балъкъэр уэрамым нэс трагъэувэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Мэкъумэщ Іэнатіэм

Гъавэр мэбагъуэ

Щэрэдж куейм хьыхь кьуажэхэм, кьуршым зэрыпэгъунэгъум кьыхэкІыу, хэгъуэм, хадэхэкІ Іухьжьыгъуэм щыщІадзэр гуваеущ. Жэмтхьэлэ, Зэрэгъэюк кьуажэхэм мы илъэсым нэхъыбэу хасащ нартыхумрэ (гектар 353-рэ) кІэртІофымрэ (гектар 30-м нэс).

Мыбы щыізэхэт хозяйствэхэм я унафэщІхэм зэрыжаІэмкІэ, дыгъэри уэшхри и чэзуми зыгъуэта хьэцэпэцэмрэ хадэхэкІхэмрэ бэгъуащ. Мы илъэсым кІэртІофнэхъыбэ хэзысар бэджэндыры-лажьэхэрщ. Пасэ щІыкІэ абы ирахьэзІащ щыІэпэшэрхэр, и щІэтхъуэгъуэ фІагъэкІакІым. Ягъэ кьагъэбэта напІэхэм къызэрагъэпльэгуамкІэ, кІэртІофыр куэду икІи ину щІэльащ. Техникэр къаззэремэщІэкІырщ. мэкъумэщышІэхэр нэхъ зыгъэгъэзавэр. Псальэм папщІэ, Зэрэгъэюк кьуажэм и мэкъумэш хозяйствам ибэ «Беларусь» трактору 8, ДТ - трактору 3 къудейщ. Техникэ гъэрхэр зиІэу бэджэндырылажьэхэми куэд яхэтхьым.

ЛЪОСТЭН Музэ.
Щэрэдж куейм.

Хабзэм къезэгъыртэкъым

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Черкесск къалэ судым хабзэм къемызэгъыу кьытыташ Ленинным и цІэр зэрихьэу Черкесск дзэ зэныбжьэгъу. зэхэзыхэр щебгъэкІуэкІ мыхьэну Къалэ дунэм кьыхилъхьа унафэр.***

А УТЫМ пэкІу, зэхуэс щрагъэкІуэкІ мыхьэну депутатхэм кьащта унафэм щыІэ хабзэр кьызэрыкІэпищІыр кьыщыгъэльэгъуа тхыгъэ кьалащхьэм и прокурорым судым щІилъхьащ. Щ1ыхуэхэр зэІушІэхэсыну, пэкІу щрагъэкІуэкІыну хуит зыщІыр е ягъэзыубыдыр федерал, республикэ хабзэхэрщІ, абыхэм апхуэдэ статьяхэр хэткъым. Черкесск къалэ судым прокурорым и лъэныкъуэр кьиштащ икІи депутатхэм я унафэр икъутэжащ.

Фокіадэм и етІуанэ щэбэтым

АДЫГЕЙ. ***2008 гъэм щегъэжьауэ фокІадэм и етІуанэ щэбэтым Мейкьуапэ кьалэм и махуэр ильэс кьэс ягъэлъапІэнущ. Ахэр ирагъэкІуэкІ щебгъэкІуэжкІ мыхьэну Кьалэ дунэм кьыхилъхьа унафэр.***

АДМИНИСТРАЦЭМ и пресс-Іуэхущ1апІэм кьыз эритамкІэ, гуфІэгъуэ махуэр зэрырагъэкІуэкІынум жьыдэжу зыхуагъэхьэзыр. Кьалэдэсхэм ар гукъинэжк ящыхьыр щхьэкІэ сценарий гъэщІэгъуэнхэр, проектхэр зэхагъэувэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм мэкъуаугъэум и 23-м кьыдигъэКІа Указ №73-УП-мкІэ кьиштащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэр электрокъарукІэ кьызырызэрагъэпэщыр зэбгъэунымкІэ шынагъуэ къэмыгъэхьунымкІэ ШТАБЫМ ХЭТЭР

Чеченов А.А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр *(Штабым и унафэщІщ)*

Уэлдэкьу Ж.Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Тарифхэмкі и кьэрал комитетым и унафэщІыр *(Штабым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Гъубокьуэ Ю.М. - «Кавказ Ищхъэрэм энергиер тезыгъашэ щІыналъэ зэхуаку компание» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балькъэр Іухущ1апІэм и унафэщІыр *(Штабым и унафэщІым и къуэдзэщ, зэгурыІуауэ)*

Уянаев К.Хь.-М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ, псэупІэ-коммуналнэ хозяйствомкІэ и министрыр *(Штабым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Жекеев А.М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и прокурорым и яп къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Малкаров Я.Т. - «Кавказ Ищхъэрэм энергиер тезыгъашэ щІыналъэ зэхуаку компание» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балькъэр Іухущ1апІэм и техническэ директорыр - инженер нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Надежин М.В. - Урысей Федерацием Граждан зыхъумэжыныгъэм и Іуэхугъэмкі, къыздэсымкІыу щытыкІэхэмкІэ, къэхъуа щІэщхьухэм я лъэужьыр гъэКІуэдыжьынымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и яп къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Незнамов С.И. - Электрокъарукі къызэгъэпэщынымкІэ Прохладнэ дистанцэм и инженер нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Отаров КъУ.М. - Экологие, технологие, атом кІэлъыплъынымкІэмкІ федеральнэ кІуалэкъым Технологие, экологие кІэлъыплъынымкІэмкІ и управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Перков А.Г. - «Энергетикэ системэ зэгуэтымкІэ федеральнэ сетевой компание» электрическэ сеть нэхъыщхьэхэм я Ставрополь предприятэ акционер обществэ зэІухам и къудамэм и директорыр *(зэгурыІуауэ)*

Пономарев И.А. - «Прохладнэ кьалэм и кьалэ электрическэ сетхэр» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Соттаев А.А. - «ШЭрэдж Ищхъэрэ ГЭС гупыр» акционер обществэ зэІухам и генеральнэ директорыр *(зэгурыІуауэ)*

Тарасов В.Ф. - Федеральнэ антимонопольнэ кІуалэкъым и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Тищенко В.А. - Энергетикэмкі федеральнэ агентствэм и ЩІыналъэ управленэу Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Токуный М.М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Промышленностымкі, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ, псэупІэ-коммуналнэ хозяйствомкІэ и министерствэм прогнозымрэ къэкІуэну зэманым тещІыхьа зыужьынымкІэмкІ и отделым и унафэщІыр *(Штабым и секретарщ)*

Тонконог А.Ю . - «Налшык электрическэ сетхэр» акционер обществэ зэІухам и генеральнэ директорым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

Циканов А.М. - «Къэбэлъатъэнергэ» акционер обществэ зэІухам лъэкьыгъэхэр зыгъэзащІэ и директорыр *(зэгурыІуауэ)*

Ефэнды Ф.Б. - Кьэрал кІуэцІ ІуэхугъэмкІэ министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм жылагъуэ щынагъуэншагъэмкІэ и милицэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Ясенский С.Е. - «Энергетикэ системэ зэгуэтым и диспетчер управленэ нэхъыщхьэ – системэмкІэ оператор» Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэ диспетчер управленэ и акционер обществэ зэІухам и къудамэм и унафэщІым и яп къуэдзэр - диспетчер нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*

ИЛЬЭС тІощырыпщІым нэсауэ журналит ІэщІагъэм ущрилажьэкІэ, махуэ кьэс жыхуаІэм хуэдэу кьуажэ ущыкІуэкІэ, Іэмал имыІэкІэ сыт и лъэныкъуэкІи щапхьэу дунейр езыхьэкІ щІыхьу гъуэзэджэхэм ІахуэмызэнкІэ. Апхуэдэщ ЖэмтхьэлІэ кьуажэм щыпсэу Жылэ Хьусен. Ильэс куэд щІауэ соцІыху а нэхьыжь Іумахуэр. И цІыху хэтыкІэми, и лэжьыкІэми мызэ-мытІэу сыкІэлъыпльащ. Пщ1эшхуэ эррилэри, кьыдэлажьэкІи и псалъэр тІу зэрамыщІри хьэжь сщыхьащ. КІуэракъэ, «мы лІы ахьыпрэмаными ящкьри зэсыхуэзэарэт, и чэнджэщ сыщІэдэІуарэт, и гушыІэ дахуэ зэхэсхарэт» жызмыІэу зэри сыкъыбгъэдэкІыжауэ щІэжыркъым.

Хьусен ящыщу зи сабиигъуэр зауэ зэман дыджым хиубыдахэм. Сабиигъуи иІауэ жыпІэ Хьуну - школ нэхъыбым хадэм илэжьыхьын, унагъуэр пхъэ гъэсынкІэ, кьуэзэригъэпэщын хуейт. И Іэпэльапэр писыкІыу мащІэрэ гу цыкІуКІэ, Іэжьэжь мэз кІуа ар.

И Іэпкьльэпкьэщ зэрымыыубдауэ, ильэс 14 фІэкІ имыныбжьку балигъ лэжьыгъэм пэрыуфэн хуей хьуащ: жэмкІэ ващ, и пщэ кьыдалхьэ сыт хуэдэ лэжьыгъэри игъэзащІэу колхоз губгъуэм итащ.

Гугъуехьэхэм пасэу зэрапсыхьар щІалэм армэм сэбэн кьыщыхуэхьужащ. Ар зыхэхуар дзэ кьулыкьу нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщ - тенджвэл фІютІут. ЗыхэкІа лъэпкьым, и жылэжьым, и щІыналъэм я пщІэр иІэту дээм щыІащ адыгэ щІалэр. Тенджвэз гущыІым кьхъухкІэ щытета дэтхэнэ зи мах уэри Хьусен дежкІэ тІыншу щытакъым. Ауэ нобэр кьыздэсым абы и нэгу щІэту армэм кьиКІыжьыным куэд дыди имыІэжу 1995 гъэм кьэхъуа гуауэр:

- Зы пщьхьэщхьэ гуэрым ди кьхъухьр кьесылІэжащ дыздэщІут хабзэ щІыпІэм - тенджвэз Іуфэм метр 400-кІэ пэжьыжьу. Абы нэхъ нэхъ гъунэгъуу екІуалІэ хьуртэкьым. Арати, командэ кьатащ «Кьхъухьм фикІыу кьаужам фыкІуэну хуит фыдоцІ», жаІэри. Сы-хьэтпІа хьуат. Сэ сымыкІуэмэ нэхъ кьэсщтащ - си щыгъэнымрэ тепІэн-щІэлъынымрэ зжьыщІын хуейт. Си Іуэхур зэфІэзгъэкІри сигъэуэльыжащ. СыІуриха къудейуэ, дунейрикъутэу лагъым кьоуэ. Си кубриитІ зэсымыщІэри ищхьэм сыдожей. Абы щыгъуэ сызэыІупльар шынагуэт. Зэрызехьэщхьуэ кьэхьуащ, кхъухьым цІыхуу исыр зэхуэжэсащ. Зыкъом дэкІа нэужь, унафэ ящІри и нэ хьыбзэр кубрикхэм яутІыпщыкащ. Арщхьэкі лагъымым щыпхиуда щыІпІэмкІэ кьэхьхьым псы кьиІльадэрэт. Ар ягъэувыІэну кУ эдрэ яужь итащ, ауэ яхуещІалакьым. Аущ1э яхуэхьым и пэр псым щІильафэу хуежьащ. Абдежым тщІэнур дымыщІэу дызэхэту, кьхъухьр кьеІубри щІелъафэ. Алыхьым насыпкъыдитати, палубэм тетахэр дыкъыдредзеиж псы гущІыІум.

Псы Іуфэмкі дос, уаеш, нэху щакьым, щыгъын щІагъщІэ фІэкІ сщІыгъкым. Сешмэ, щыІкІэ сыготІуальхьэри зызогъэпсэху. Абдежым кхъуафэжьей си лъэныкъуэмкІэ кьакІуэу кьыскхуозэ. Абы исхэм сыкьыхамыыхьажмэ, сыкьелъини сыкъемыІыни. А гуэзвэгъуэм цыху 600-м щІэтІу эжІуэдауэ щІэтащ...

А жэщым и ужькІэ мазэм щІигъукІэ сымаджэщым щІэлъащ Хьусен. НэхьыфІщхьэхьэм щІалэр кьоКІуэж и кьуажэжьым. И адэмрэ и шынэхьыкьымрэ «Іэщ1агъэ гуэрым ухуеджажмэ арат» кьыщыжрАІэм, езымэ ардыдэрат игу ильар, гъэш Іуэхуэр теухуауэ лабрэнту йоджэ. Ар зыІэзэрнухэу мастеру ягъэуври ильэс 43-кІэ а Іэнатіэр зэрехьэ. Жылэр щылэжьащ Аушыджэрин, Кьэхьуни, езыр щалъхуа кьуажэми, Псыгуэн ауэым дэт гъэш завод щыкІуми. Лэжьащ зыІут Іэнатіэр гугъэзагъэу, кьызэхьуэтынщэу зэрихьэу, щытхъу иІэу, кьыбгъурытхэри унафэщІхэри кьыхуэзарэзыуэ.

Щэч хэмыльу, зыпІэрыт Іуэхур игури и псэри етауэ Хьусен зэрызэрихьам и фІыщІэшхуэ хэльщ абы и щхьэтыуэ Іуэ. Лыр Іэнатіэ щыбгъэдэткІэ унагъуэ зехьэнчэ, бын гъэсэнкІэ, егъэджэнкІэ нэхъыбэу зи пщэ кьыдэхуэр унэгуащІрати, абы и лъэныкъуэкІэ Хьусен гукъыхэщт иІакъым.

- ЩІалитІрэ хьыджэбзищрэ здэгъуэтати, цІыху хуэдэ цІыхуу зэрыдгъэсэным дыхущІэкъуэну, - жеІэ Луэ. - Алыхьым и шыкуркІэ, дызыгъэуКІуэ. Ди зыгъэгуэвауэ зы яхэткъым. Псоми щІэныгъэ ищхьэ яІэщ, аспирантурэ кьэзыухаи диІэщ. Фени, Лариси, Мухьэмэди, Люди. Аслъэнэ Іэнатіэ зырызыхэ Іутщ, унагъуэ ящхьажэщ. Ныситі диІэщи, Алыхьым къуэзэритынщ, сэ фІыуэ слъагъум апхуэдэ бзылъхугъэ тхъэм кьарит, ди малъхьэхэрри дыщэм хуэдэщ. Мыр кьызданмыльэгъуарэт, мыр симыбІэгъаРэт жысІэу зы яхэткъым. Ди бынхэр псори щхьэхуэу псэу щхьэкІэ, тхьэмахуэм кьрыубыдэу тІэу-щэ къокІуэж. Зы жэщ пІэ кІуэцІ дигъэлъапхьэркъым телефонкІэ къэмыпсальэу, кьытщІэмэхуэ щІэжьу.

И ныбжьыр ильэс 80-м нызэрыхьэса пэтми, зи гъащІэр лажьэу кьезыхьэкІа Хьусен Іуэхуншэу щысыну и гум кьыхуидэркъым. Жыг хадэ зэрехьэ, бдэжьэду кьыщтауэ щы гектар иІыгъщ, абы кьытрих нартыхумкІэ Іэщ егъашхэ.

- Уэлей, гъащІэ дахэ кьэзгъэщІауэ собжым, - пещэ тхьэмадэм и псалъэхэм, - аПхуэздиз илъэс бжыгъэ кьыззэзнэкІам зэи цІыху Іей сыдэзэкьэу э схужьІэнуКъым - акъылэгъу кьызздэмыхьуарэ сызыгурымыІуарэ си гъусэу заводым щыІахэми, си унафэщІхэм яхэтакъым. Щыгър лажьэрэ и пщІэнтІэпс хьэлэлкІэ Хьусен гукъыхэщт иІакъым.

- ЩІалитІрэ хьыджэбзищрэ здэгъуэтати, цІыху хуэдэ цІыхуу зэрыдгъэсэным дыхущІэкъуэну, - жеІэ Луэ. - Алыхьым и шыкуркІэ, дызыгъэуКІуэ. Ди зыгъэгуэвауэ зы яхэткъым. Псоми щІэныгъэ ищхьэ яІэщ, аспирантурэ кьэзыухаи диІэщ. Фени, Лариси, Мухьэмэди, Люди. Аслъэнэ Іэнатіэ зырызыхэ Іутщ, унагъуэ ящхьажэщ. Ныситі диІэщи, Алыхьым къуэзэритынщ, сэ фІыуэ слъагъум апхуэдэ бзылъхугъэ тхъэм кьарит, ди малъхьэхэрри дыщэм хуэдэщ. Мыр кьызданмыльэгъуарэт, мыр симыбІэгъаРэт жысІэу зы яхэткъым. Ди бынхэр псори щхьэхуэу псэу щхьэкІэ, тхьэмахуэм кьрыубыдэу тІэу-щэ къокІуэж. Зы жэщ пІэ кІуэцІ дигъэлъапхьэркъым телефонкІэ къэмыпсальэу, кьытщІэмэхуэ щІэжьу.

И ныбжьыр ильэс 80-м нызэрыхьэса пэтми, зи гъащІэр лажьэу кьезыхьэкІа Хьусен Іуэхуншэу щысыну и гум кьыхуидэркъым. Жыг хадэ зэрехьэ, бдэжьэду кьыщтауэ щы гектар иІыгъщ, абы кьытрих нартыхумкІэ Іэщ егъашхэ.

- Уэлей, гъащІэ дахэ кьэзгъэщІауэ собжым, - пещэ тхьэмадэм и псалъэхэм, - аПхуэздиз илъэс бжыгъэ кьызззэнэкІам зэи цІыху Іей сыдэзэкьэу э схужьІэнуКъым - акъылэгъу кьызздэмыхьуарэ сызыгурымыІуарэ си гъусэу заводым щыІахэми, си унафэщІхэм яхэткъым. Щыгър лажьэрэ и пщІэнтІэпс хьэлэлкІэ Хьусен гукъыхэщт иІакъым.

- ЩІалитІрэ хьыджэбзищрэ здэгъуэтати, цІыху хуэдэ цІыхуу зэрыдгъэсэным дыхущІэкъуэну, - жеІэ Луэ. - Алыхьым и шыкуркІэ, дызыгъэуКІуэ. Ди зыгъэгуэвауэ зы яхэткъым. Псоми щІэныгъэ ищхьэ яІэщ, аспирантурэ кьэзыухаи диІэщ. Фени, Лариси, Мухьэмэди, Люди. Аслъэнэ Іэнатіэ зырызыхэ Іутщ, унагъуэ ящхьажэщ. Ныситі диІэщи, Алыхьым къуэзэритынщ, сэ фІыуэ слъагъум апхуэдэ бзылъхугъэ тхъэм кьарит, ди малъхьэхэрри дыщэм хуэдэщ. Мыр кьызданмыльэгъуарэт, мыр симыбІэгъаРэт жысІэу зы яхэткъым. Ди бынхэр псори щхьэхуэу

●Унагъуэм и илъэс

Жылэхэ Хьусенрэ Лусэрэ я унагъуэр: я бынхэр, я ныСэхэр, я малъхьэхэр, я щІэблэр.

Къехъуапсэ мыхъумэ, зэхъуапсэ щыІэкъым

Адыгэм хэлъ хабзэфІхэм ящыщщ псэупІэ ищІа Іэхэ-лъхэр игъэжьабзэу, игъэдахэу, зыхуеи хунгъаззу кьызэрыгъэгурыкІуэр. Илъэс зыбжанэ хуэдэу Налшык дэт «Тамерис» шхапІэр апхуэдэ Іуэхущ1афэхІэ адрейхэм кьаззэрыхьщым щыкьэт техьэуэфыну кьыщІэкІынщ зэ нэхъ мыхъуми ящІа щыхьа, ягъэхьэзыр ерыскъы Іэфіхэм хэІэба кьалэдэсхэри ди щхьэхэщІэуэ щІэхэри. Нэм кьыІуидзэ плъыфэ дахэхэмрэ сурэтхэмкІэ гъэщІэрэщІа, сыт щыгъуи цІыху кІуапІэ шхапІэ пышыщхэри пщэфІапІэри зыри дамыгъэну кьабзэщ, зэлъыІухащ, нэхущ, хуитщ. Пэш кІуэщІым щагъэкІ удэхэм я закъуэкъым шхапІэр зыгъэдахэр, тепльэфІэ зыщІыр, атІэ бжаІупэри абы блэкІ лъэс лъагъуэри мывэ джафэкІэ кьиищІыкІащ. ІущыхьэщхьэкІэ кьызэІуІэблэ уэзыгъэгъэ пкъэ цІыкІуэр щыхэтІащ, уаз гъэгъа зэмылІэужжыгъуэрэ щхъуантІагъэрэ кьеГъэтІысэкІащ, ихъуреГъэмы зы щхий щІедхэхаци щыплъагъунукъым.

ЗИГУГЪУ сщІа псори шхапІэм ЖІыуэ е арыхьэу блэкІ дэтхэнэм и дежкІи нэрылъагъу Іуэхугъуэхэщ. Ауэ «Тамерис» шхапІэр зыкъэтэжьм (Кулиев Къ. и уэрам, 3) щІэсхэм ящыгъупщэжауэ щытын хуейтэкъым. Ауэ Іуэхугъэм, Шукранрэ Нихьаирэ, а Іуэхущ1апІэр кьызэрамыгъэпщІащІкІэ абдеж зэрыщытар: кьат пщІыкІуэу зэтет уиэшхуэм и лъабжьэр псы щэдрэ арэгуфІ «уналІэу», кьуэдзапІэхэм (подвалым) хиубыдэ псы бжьамийэхэр утыйм ишкарэ щІэзэпыкуНур умыщІу ф1ыпащ, бамэу кьыщІихым Іыгъэгъуэ уфІымыгъэкІыу. ШхапІэр кьызэІуамыкІыщкІэ, я кьатым хэт пэшыщхэм и зы лъэныкъуэр тхыпщэ зэрэитэ, ордэт зэращІ Іэмэпсымэрэ щащэ тыкуэну щытамэ, адрей лъэныкъуэр ныбжьыщІэ хьэулей хуэщхьэ кІыщоГъуэу зэхэсхыжьыкІэ комплектер джэгупІэт. Джэгуалъэм щІатыну ахъшэрамэ нэгъэщІ зыгуэрми зэтет ищІэн, ауэ а уэрэм щІэпсэуэм щыщ хэкІуэтауэ щыщІыхьэжкІэ, зэтэкъым икІи Іыгъуэгъуэм зыщыгъэпсэху. Ауэ «Тамерис» шхапІэм и гъэмахуэ лъэхъэнэм пщыхьэщхьэр сыхьэти 10, щымахуэм - сыхьэти 9 хьэхуущ зэрылажьэр, абы къищІынэмыщІауэ фадэрэ тутынрэ щызэрахьэркъым, чэф зиІэхэри фыщІэн-зэуэным зигу хэзІухахэри абдеж къыщыщэтёуфыІэрхьым. Мыри кьызэгъэщІэтхъэщ: яфІэмыфІ лъэпкь зыхэмызагъэ иджырей щІалэгъуалэм а шхапІэр ягу иримыхьтмэ, щапщІэфІым и Іэфіагъымрэ и уасэмрэ яхуэзтемыщІахуэтэмэ, фадэрэ тутынрэ зэрыщІэзэмыкІуэр ижагъэтэмэ, «Тамерис»-р ныбжьыщІэ зэхуэсыпІэ хьунтэкъым. Аэр кьуейщІейуэ, Іуэрльауэрэ хьэрГъэшыргъэ хэмыкІтэмэ, сабий зи ГъусэбагъэлигъэмкІэ нэхъыжьыуэхэм ар кІуапІэ ящынтэкъым.

ИтІани ди цІыхухэм кьахохі щхьэпэ зыпэжьхэм хуэмыдарэзыуэ псапъэнрэ, зи Іуэху дэжьхэм хьэл яхуэхъуауэ кІэщІэтхъышхэр. Зи гугъу сщІыр «Газета Юга» газетым и 25-нэ къыхуит фыдоцІ», жаІэри. Сы-хьэтпІа хьуат. Сэ сымыкІуэмэ нэхъ кьэсщтащ - си щыгъэнымрэ тепІэн-щІэлъынымрэ зжьыщІын хуейт. Си Іуэхур зэфІэзгъэкІри сигъэуэльыжащ. СыІуриха къудейуэ, дунейрикъутэу лагъым кьоуэ. Си кубриитІ зэсымыщІэри ищхьэм сыдожей. Абы щыгъуэ сызэыІупльар шынагуэт. Зэрызехьэщхьуэ кьэхьуащ, кхъухьым цІыхуу исыр зэхуэжэсащ. Зыкъом дэкІа нэужь, унафэ ящІри и нэ хьыбзэр кубрикхэм яутІыпщыкащ. АрщхьэкІі лагъымым щыпхиуда щыІпІэмкІэ кьэхьхьым псы кьиІльадэрэт. Ар ягъэувыІэну кУ эдрэ яужь итащ, ауэ яхуещІалакьым. Аущ1э яхуэхьым и пэр псым щІильафэу хуежьащ. Абдежым тщІэнур дымыщІэу дызэхэту, кьхъухьр кьеІубри щІелъафэ. Алыхьым насыпкъыдитати, палубэм тетахэр дыкъыдредзеиж псы гущІыІум.

Псы Іуфэмкі дос, уаеш, нэху щакьым, щыгъын щІагъщІэ фІэкІ сщІыгъкым. Сешмэ, щыІкІэ сыготІуальхьэри зызогъэпсэху. Абдежым кхъуафэжьей си лъэныкъуэмкІэ кьакІуэу кьыскхуозэ. Абы исхэм сыкьыхамыыхьажмэ, сыкьелъини сыкьемыІыни. А гуэзвэгъуэм цыху 600-м щІэтІу эжІуэдауэ щІэтащ...

А жэщым и ужькІэ мазэм щІигъукІэ сымаджэщым щІэлъащ Хьусен. НэхьыфІщхьэхьэм щІалэр кьоКІуэж и кьуажэжьым. И адэмрэ и шынэхьыкьымрэ «Іэщ1агъэ гуэрым ухуеджажмэ арат» кьыщыжрАІэм, езымэ ардыдэрат игу ильар, гъэш Іуэхуэр теухуауэ лабрэнту йоджэ. Ар зыІэзэрнухэу мастеру ягъэуври ильэс 43-кІэ а Іэнатіэр зэрехьэ. Жылэр щылэжьащ Аушыджэрин, Кьэхьуни, езыр щалъхуа кьуажэми, Псыгуэн ауэым дэт гъэш завод щыкІуми. Лэжьащ зыІут Іэнатіэр гугъэзагъэу, кьызэхьуэтынщэу зэрихьэу, щытхъу иІэу, кьыбгъурытхэри унафэщІхэри кьыхуэзарэзыуэ.

Щэч хэмыльу, зыпІэрыт Іуэхур игури и псэри етауэ Хьусен зэрызэрихьам и фІыщІэшхуэ хэльщ абы и щхьэтыуэ Іуэ. Лыр Іэнатіэ щыбгъэдэткІэ унагъуэ зехьэнчэ, бын гъэсэнкІэ, егъэджэнкІэ нэхъыбэу зи пщэ кьыдэхуэр унэгуащІрати, абы и лъэныкъуэкІэ Хьусен гукъыхэщт иІакъым.

- ЩІалитІрэ хьыджэбзищрэ здэгъуэтати, цІыху хуэдэ цІыхуу зэрыдгъэсэным дыхущІэкъуэну, - жеІэ Луэ. - Алыхьым и шыкуркІэ, дызыгъэуКІуэ. Ди зыгъэгуэвауэ зы яхэткъым. Псоми щІэныгъэ ищхьэ яІэщ, аспирантурэ кьэзыухаи диІэщ. Фени, Лариси, Мухьэмэди, Люди. Аслъэнэ Іэнатіэ зырызыхэ Іутщ, унагъуэ ящхьажэщ. Ныситі диІэщи, Алыхьым къуэзэритынщ, сэ фІыуэ слъагъум апхуэдэ бзылъхугъэ тхъэм кьарит, ди малъхьэхэрри дыщэм хуэдэщ. Мыр кьызданмыльэгъуарэт, мыр симыбІэгъаРэт жысІэу зы яхэткъым. Ди бынхэр псори щхьэхуэу

«Тамерис» шхапІэм и бжэІупэм.

Уи щхьэм хуумыгъэфэщэнур нэгъуэщІыи иумыпэс

● Абы дегъэпІейтей

тІэутэкьым зэрахьунщІар.

А псом еІпльатмэ, «Тамерис» шхапІэр гъэмахуэ лъэхъэнэм пщыхьэщхьэр сыхьэти 10, щымахуэм - сыхьэти 9 хьэхуущ зэрылажьэр, абы къищІынэмыщІауэ фадэрэ тутынрэ щызэрахьэркъым, чэф зиІэхэри фыщІэн-зэуэным зигу хэзІухахэри абдеж къыщыщэтёуфыІэрхьым. Мыри кьызэгъэщІэтхъэщ: яфІэмыфІ лъэпкь зыхэмызагъэ иджырей щІалэгъуалэм а шхапІэр ягу иримыхьтмэ, щапщІэфІым и Іэфіагъымрэ и уасэмрэ яхуэзтемыщІахуэтэмэ, фадэрэ тутынрэ зэрыщІэзэмыкІуэр ижагъэтэмэ, «Тамерис»-р ныбжьыщІэ зэхуэсыпІэ хьунтэкъым. Аэр кьуейщІейуэ, Іуэрльауэрэ хьэрГъэшыргъэ хэмыкІтэмэ, сабий зи Іуэсэ балигъэмкІэ нэхъыжьыуэхэм ар кІуапІэ ящынтэкъым.

ИтІани ди цІыхуэхэм кьахохі щхьэпэ зыпэжьхэм хуэмыдарэзыуэ псапъэнрэ, зи Іуэху дэжьхэм яхуэхъуауэ кІэщІэтхъышхэр. Зи гугъу сщІыр «Газета Юга» газетым и 25-нэ къыдэкІыгъэм (мэкъуаугъэум и 19) Кьалэ Данил и цІэр щІэдзауэ тета тхыгъэщ. Ар «егъэпІейтей» Едыдж Нихьаи «Тамерис» шхапІэр а гъэм хэту кьыщІэзэрипІэкІыжащ, псори зэрызэгъэсу къэтщэхуащ, - пещэ Нихьаи. - Уи мыльку щыщІэптакІэ, бгъэжьбзэжькэ, кьиззэрбгъэсэбгъэныным ухущІэкъуэкъэ, аркъудейращ къытхуамыдэр. Унэм кьакІуэ псыр щІэх-щІэхьыурэ, махуэ бжьгъэкІэ зэпльуэ зэрыхъуар да я гъэсэныгъэ ящІэрыгъэр ар ягъэувыІэну кУ эдрэ яужь итащ... А жэщым и ужькІэ мазэм щІигъукІэ сымаджэщым щІэлъащ Хьусен. НэхьыфІщхьэхьэм щІалэр кьоКІуэж и кьуажэжьым. И адэмрэ и шынэхьыкьымрэ «Іэщ1агъэ гуэрым ухуеджажмэ арат» кьыщыжрАІэм, езымэ ардыдэрат игу ильар, гъэш Іуэхуэр теухуауэ лабрэнту йоджэ. Ар зыІэзэрнухэу мастеру ягъэуври ильэс 43-кІэ а Іэнатіэр зэрехьэ. Жылэр щылэжьащ Аушыджэрин, Кьэхьуни, езыр щалъхуа кьуажэми, Псыгуэн ауэым дэт гъэш завод щыкІуми. Лэжьащ зыІут Іэнатіэр гугъэзагъэу, кьызэхьуэтынщэу зэрихьэу, щытхъу иІэу, кьыбгъурытхэри унафэщІхэри кьыхуэзарэзыуэ.

Щэч хэмыльу, зыпІэрыт Іуэхур игури и псэри етауэ Хьусен зэрызэрихьам и фІыщІэшхуэ хэльщ абы и щхьэтыуэ Іуэ. Лыр Іэнатіэ щыбгъэдэткІэ унагъуэ зехьэнчэ, бын гъэсэнкІэ, егъэджэнкІэ нэхъыбэу зи пщэ кьыдэхуэр унэгуащІрати, абы и лъэныкъуэкІэ Хьусен гукъыхэщт иІакъым.

- ЩІалитІрэ хьыджэбзищрэ здэгъуэтати, цІыху хуэдэ цІыхуу зэрыдгъэсэным дыхущІэкъуэну, - жеІэ Луэ. - Алыхьым и шыкуркІэ, дызыгъэуКІуэ. Ди зыгъэгуэвауэ зы яхэткъым. Псоми щІэныгъэ ищхьэ яІэщ, аспирантурэ кьэзыухаи диІэщ. Фени, Лариси, Мухьэмэди, Люди. Аслъэнэ Іэнатіэ зырызыхэ Іутщ, унагъуэ ящхьажэщ. Ныситі диІэщи, Алыхьым къуэзэритынщ, сэ фІыуэ слъагъум апхуэдэ бзылъхугъэ тхъэм кьарит, ди малъхьэхэрри дыщэм хуэдэщ. Мыр кьызданмыльэгъуарэт, мыр симыбІэгъаРэт жысІэу зы яхэткъым. Ди бынхэр псори щхьэхуэу

● ЩІэныгъэлІым и чэнджэщ

Фейдэ зыпылъ Іэнатіэ

Дунейм и щытыкІэкІи, ди щІыр зыхуэдэмкІи Къэбэрдей-Балъкъэрыр жыг хадэхэр щыбгъэуэ щыналъэщ. Псом хуэмыдэу псы здэкІуэ тафэтес щыпІэхэм щегъэжьауэ, абыхъэм и чыдеикъэкІ (лъагэм Іыгъ метр 600-650-кІэ тенджызым ищхьэкІэ щыІэ щыналъэхэм, жьэгъущІэс жылагъуэхэми нэгъуэщІ къэралхэмрэ ди дежкІэ щагъэуэзэхуа, щымахуэмэ зыщІэкъым щыІэ мыБрыесэ кІыщІэкІэ жыг пъэпкьыфІхэм берычэту зыщІауэ.

ЗЭХЪУЭКІЫНЫГЪЭЭМ я япэ ильэсхэм бгыльэ щыпІэхэм щагъэкІа жыг хадэхэм пхъщхьэмыщхьэ бзэ кьыпахырт, хэхъуэ хьарзыни кьыщІахырт.

Бгыльэ щыпІэхэм жыг хадэхэр щыгъэбэгъуэным кьэралым хуэфащэ гупытэ хуищІу зэрыщытам и фІыгъэкІэ, лІэщІыгъуэ блэкІам и 70 гъэхэм я кІэхэмрэ 80 гъэхэм я пщэддэжьмрэ абыхъэм гектар минхэм зыщагубгъуат. Абы щхьэкІэ «Зенкьуэ», «ЕкІэпщэкьуэ», «Пашынкьей» сорхоз щхьэ хуэжр кьызэрагъэпэщІри, дэтхэнэми жыг хадэу щагъэтІысат гектар 300-350-рэ мынэхъ мащІэ. А хадэхэм я процент 80-м нэблагъэр е щІигъур щымахуэ мыІэрысэ лІыжьыгъуэхэм хуэзэрт.

Зи гугъу тщІы лъэхъэнэм Байсултановым и цІыкІэ щыІэ колхозыр пхъэщхьэмыщхьэ хозяйствэ хъуат. Бгы нэпкьхэм, «Налшык», «Кэнжэ», «Аушыджэр» сорхозу щытахэм а Іуэхум зыщрагъэужьырт, ижьырейр РСФСР-м Мэкъуэмэщ хозяйствэмкІэ и министерствэм жыг гъэкІыныр щагъэунэху и хадэ. Пхъэщхьэмыщхьэ зехьэным зратырт Іэнатіэ куэдым елэжь жьэгъуІэс хозяйствэхэм. 1990 гъэм республикэм и бгыльэ щыпІэхэм зыщагубгъуат жыг хадэу мини 4,5-м щІигъуэм.

Кьэралым мылькуКІэ зэрыдиІыгъым, мыІэрысей хадэхэр щагъэкІ джабэ нэкІуэхэм щІыгуГъыр зэрыщыхьуэмэ хуей щыкІэм теухуауэ ди щІэныгъэлІэхэм зжаІэхьа е хэнологие гъэуэнэхуахэмрэ «Налшык», «Кэнжэ», «Аушыджэр» пхъэщхьэмыщхьэ сорхоз пэрытхэм я опытымрэ я ф1ыгъэкІэ, а Іэнатіэм псынщІэу зиужьырт. «Налшык», «Кэнжэ» сорхозхэр Кавказ Ищхъэрэм щыпашэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ щыпІэхэми щыщІэрыуэт. Абы кьыхэкІыу, ди деж щрагъэкІуэкІырт сорхозхэ, щыналъэ щІэнэгъэ-производственнэ конференцэмрэ семинархэмрэ.

ЗэхъуэкІыныгъэм и пэкІэ а хозяйствэхэм зы гектарым хуэзэу ику иту пхъэщхьэмыщхьэу тонни 10-12 мынэхъ мащІэ кьыщыпачыжьыр т. Абы фейдэуэ кьахуихьырт псори зэхъу зэхъуэу кьаІэрыхьым нэхърэ процент 70-75-кІэ нэхьыбэ. НэгъуэщІ хозяйствэхэми бгыльэ хадэхэм хъарзынэу зыщыдгъэжьырт.

ЕпІощІанэ лІащІыгъуэм и пэщІэдэм, реформэ щагъэкІуэкІа зэманым, мэкъумэщ хозяйствэм и Іэнатіэкэр, псом хуэмыдэу, жыг гъэкІыныр хуабжьу ехужьауэ щытащ. ЭщщІынигъэ ни кьащат уэщхуэ кьехамрэ 1993 - 1994 гъэхэм кьакІуэ щыІэмрэ. Колхозэмрэ совхозэхэмрэ щакъутэжьым жыг хадэхэр хэкІуэдэжьыпэ нэсат. «Налшык» совхоз цІэрыІуэр яхэту, хозяйствэ куэдым я Іэнатіэм емыІэжьыж, хуэфащэ гупытэ хуамыщІыж хьуат. Ауэ ипэкІэ пльэ унафэщІ щхьэхуэжэм, бзджэнду ятри, хадэхэм щыщ Іыхьэ гуэркэр кьызэрагъэнащ. Апхуэдэщ «Кэнжэ», «Аушыджэр» мэкъумэш Іуэхущ1апІэхэр. Ґвэ1ауэ я яужь ихьжамэ, «Налшык», «Лашынкьей», «ЕкІэпщІэкъуэ» хозяйствэхэм, и Іуэхущ1апІэм и Іэмалхэр зэхихьхэри, абы тету я хадэм зыкъэрагъэужьжыжащ. Иджы пхъэщхьэмыщхьэ хъарзынэ кьыпокІ, бзджэндырыпажьхэхэми хэъуэфІ кьахуехь.

Кьапщтэмэ, нэгъабэрей уэгъум щхьэкІэ кьэмынэу, Голден Делишес, Джонатан мыІэрысэ лІэужьыгъуэ нэхъыфІхэр щызэрахьа бгыльэ нэкІуэм гектарым хуэзэу (жыг 250-м) ику иту тонн 14 - 17 кьыщыпачыжащ, апхуэдэ щІыпІэм щагъэкІа мыІэрысей нэхъ пльахъшэ пщІэкъуэм зы гектарым ику иту (жыг 416-м) тонн 26-м кьыщыщІэдзауэ